



BOYNTON BEACH COMMUNITY HIGH SCHOOL

4975 Park Ridge Boulevard, Boynton Beach, FL 33426

Dr. Moody Fuller, Principal

KONPAK PARAN/GADYEN-ELÈV-PWOFESÈ 2023-2024

Misyon nou se pou nou gradye elèv ki devlope diyite, respè ak responsabilite pèsònèl nan yon anviwonman aprantisaj san danje epi ki favorize ekselans akademik, reponsabilite sivik, ak elèv ki fè vi yo ap prepare pou kolèj ak mendèv. Vizyon nou se pou 100% elèv nou yo gradye alè, pare pou ale nan kolèj oswa yon karyè, kòm manm responsab, pwodiktif nan sosyete a.

Amplwaye lekòl la pral travay avèk elèv yo ak paran/fanmi yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- Bay yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite, ki bay sipòde ki efikas pou ogmante siksè elèv yo
- Modèl diyete, repè ak responsabilite pèsònèl
- Demonte respè pou chak timoun, fanmi li, ak kominote a
- Kenbe yon kominikasyon pozitif, nan de fason ak paran/fanmi yo sou yon baz kontinyèl, epi kenbe kominikasyon ki gen sans ant lekòl l nan yon lang yo konprann.
- Bay fanmi yo estrateji ak resous espesifik pou sipòte aprantisaj pitit yo lokay yo
- Asire jistis ak ekite nan aderans ak règ lekòl, distri, ak salklas yo

Elèv yo pral travay avèk paran/fanmi yo ak pwofesè yo pou amelyore siksè akademik yo nan:

- Kwè ke mwen ka aprann e pwal aprann
- Vini lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi suiv tout règ ak pwosedi lekòl yo
- Respekte tèt mwen, moun ki alantou mwen, ak lekòl nou
- Pran responsabilite pou kontwòle pwogrès mwen sous SIS, pou etid mwen ak prezans mwen nan klas
- Fè efò pou reyalize ekselans nan tout domèn nan lavi mwen
- Pratike sa yo anseye nan lekòl la lakay mwen epi fè devwa ak lekiti pou omwne 30 minit pa jou.

Paran/fanmi yo pral travay avèk pitit yo ak anplwaye lekòl yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- Pran yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo nan ale nan aktivite fòmasyon para/fanmi yo pou aprann estrateji pou ede ogmante siksè akademik pitit yo pou satisfè nòm evalyasyon Etat a
- Asire pitit yo ale lekòl regilyèman, epi li alè epi abiye yon fason apwopriye
- Kenbe kominikasyon pozitif nan de sans ak pwofesè pitit yo sou yon baz kontinyèl
- Sipòte aprantisaj pitit yo lakay yo nan ede ak devwa yo, kontwòle nòt timoun yo ak prezans yo atravè Platfòm Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS)
- Asire pitit yo li pou omwne 30 minit pa jou

Nou pwal travay ansanm pou nou kenbe akò ki nan kontra sa. Tanpri siyen anba

Paran/Gadyen _____

Dat _____

Elèv _____

Dat _____

Direktè _____

Dat _____